



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON KANTITE PRIM SIBVANSYON REKÒ 1.5 MILYON DOLA POU SIPÒTE PWOGRAM SOTI NAN FÈM AGRIKÒL ALE LEKÒL ATRAVÈ ETA A YO

Finansman an pral Sipòte 18 Pwojè, k ap Benefisye plis pase 420,000 Elèv

Pwogram lan fè pati Pwogram Global “Okenn Timoun Pa Rete Grangou” Gouvènè a

Gid yo Pibliye pou Sipòte Agrandisman Opsyon pou Achte Pwodwi Agrikòl Lokal yo pou Manje Midi Lekòl yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse prim sibvansyon 1.5 milyon dola pou sipòte pwogram k ap ankouraje pwodwi Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl (Farm-to-School) toupatou atravè Eta New York la yo. Yo te akòde finansman an pou 18 pwojè ak òganizasyon edikativ ki sèvi elèv ki nan matènèl yo jiska 12èm ane yo epi li pral benefisye 420,000 elèv. Yo te double finansman pou pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl lan nan Bidjè 2018-19 lan, epi li se yon konpozan kle nan Inisyativ Okenn Timoun Pa Rete Grangou (No Student Goes Hungry initiative) Gouvènè a.

“New York gen pwodwi agrikòl ki gen kalib mondyal, epi pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la ap konekte etidyan yo ak engredyan frech, yo kiltive onivo lokal yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman rekò sa a ap ede nou reyalize pwomès nou te fè pou nou bay tout elèv New York la yo repa frè, nourisan epi estimile kwasans ekonomik pou agrikiltè ak kiltivatè nou yo nan kat kwen eta a.”

“Alimantasyon timoun yo resevwa nan lekòl yo chak jou a se yon eleman enpòtan pou sante ak devlopman yo an jeneral”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Avèk pwogram inovatif sa nou ap asire ke anpil santèn milye timoun toupatou atravè New York gen aksè a fwi ak legim yo kiltive onivo lokal. New York gen pwodwi agrikòl ki gen kalib mondyal, epi pwojè sa yo ki fè pati pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la ap pote bon rezilta pou timoun ki nan lekòl yo ak agrikiltè yo ki nan chak rejyon eta nou an.”

Yo pral itilize finansman prim sibvansyon an pou anboche kowòdonatè pou pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la, bay anplwaye sèvis manje yo fòmasyon, bay edikasyon sou nitrisyon nan salklas ak kantin yo, achte ekipman pou ede nan preparasyon manje, ak sipò pou yo achte plis pwodwi agrikòl lokal yo, tankou fwi ak legim, nwa, ak epis, yo mete nan manje kantin lekòl yo.

Pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la ogmante kantite ak varyete pwodwi alimantè yo kiltive ak pwodwi onivo lokal yo itilize nan lekòl yo, amelyore sante elèv yo epi edike jèn yo sou agrikilti, anplis de nouvo mache l ap ofri agrikiltè New York la yo.

Pwogram nan sipòte agrandisman Pwogram NY Thursdays a (New York Lèjedi), ki se yon inisyativ kantin nan lekòl yo ki sèvi ak pwodwi alimantè frèch ki sot nan fèm lokal yo, lè jedi pandan tout ane lekòl la.

Sa a ap katriyèm faz finansman yo akòde pou sipòte pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl yo nan lekòl yo ak nan òganizasyon edikativ yo. Depi lè Gouvènè a te lanse pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la nan New York an 2015, yo te investi plis pase 3.5 milyon dola pou sipòte 43 pwojè Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl k ap benefisye 255 distri eskolè atravè eta a.

W ap jwenn lis òganizasyon ki resevwa finansman sibvansyon Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la yo pi ba a. Yon lis konplè deskripsyon pwojè yo disponib [isit la](#).

Rejyon Lwès New York

- Cornell Cooperative Extension nan Konte Niagara a: 92,479 dola
- Distri Lekòl Santral Wellsville la (Wellsville Central School District): 39,211 dola
- Distri Lekòl Santral Franklinville la (Franklinville Central School District): 67,055 dola
- Distri Lekòl Santral Forestville la (Forestville Central School District): 99,235 dola
- Cornell Cooperative Extension nan Konte Erie a: 80,457 dola

Finger Lakes

- Distri Lekòl Santral Genesee Valley a (Genesee Valley Central School District): 50,621 dola
- Foodlink Inc.: 66,936 dola

Southern Tier

- The Rural Health Network SCNY, Inc: 99,506 dola
- Cornell Cooperative Extension nan Konte Tompkins lan: 92,829 dola

New York Santral

- Cornell Cooperative Extension nan Konte Wayne lan: 100,000 dola
- Cornell Cooperative Extension nan Konte Cortland lan: 99,989 dola

North Country

- Cornell Cooperative Extension nan Konte Essex la: 99,939 dola

Mohawk Valley

- Konsèy Sèvis Edikasyon Kowoperativ Madison Herkimer Oneida a (Oneida Herkimer Madison Boards of Cooperative Educational Services (BOCES)): 100,000 dola

Hudson Valley

- Pwojè Fèm Poughkeepsie a (Poughkeepsie Farm Project), Manje New York pou Timoun New York (NY Food for NY Kids): 100,000 dola

Rejyon Kapital

- Capital Roots Inc: 97,220 dola
- Cornell Cooperative Extension nan Konte Saratoga a: 36,226 dola
- Cornell Cooperative Extension nan Konte Warren lan: 93,582 dola

Long Island

- Distri Lekòl Vil Glen Cove la (Glen Cove City School District): 84,712 dola

Inisyativ Okenn Timoun Pa Rete Grangou Gouvènè a

Pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la se yon eleman enpòtan nan efò Eta ap kontinye fè pou ogmante kantite pwodwi alimantè frèch, ki kiltive onivo lokal yo sèvi nan kantin lekòl yo epi konekte kiltivatè New York yo ak nouvo mache yo. Li se yon konpozan kle nan Inisyativ Okenn Timoun Pa Rete Grangou Gouvènè a, ke li te entwodwi nan Diskou Eta Leta 2018 li an. Inisyativ lan se yon pwogram global ki devlope pou bay elèv tout laj, orijin, ak sityasyon finansyè aksè a manje ki bon pou sante, ki fèt onivo lokal, depi nan lekòl matènèl rive nan inivèsite. Anplis de agrandisman pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la, pwogram Inisyativ Okenn Timoun Pa Rete Grangou a te lakoz gen plis aksè a dejene gratis epi entèdi moun fè moun wont pou zafè manje midi a, epi ede asire ke elèv ki nan lekòl matènèl rive nan inivèsite yo jwenn manje ki frè ki soti nan fèm yo, nan yon bon jan kalite anviwònman pou aprantisaj.

Nouvo Inisyativ Okenn Timoun Pa Rete Grangou a gen ladan l tou yon angajman novatè k ap kòmanse ane pwochen: kote distri lekòl ki achte 30 pousan engredyan yo nan men fèm ak pwodiktè New York la yo pral resevwa jiska 25 santim eta a ap ranbouse yo pou manje midi yo. Plizyè pwojè Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl yo akòde prim sibvansyon an yo pral ede lekòl yo pou yo ka atenn objektif sa a.

Nan kòmansman mwa sa a, Depatman Edikasyon Eta a (State Department of Education) ak Depatman Agrikilti ak Mache yo (Department of Agriculture and Markets) te pibliye yon gid pou ranbousman nan kad Pwogram Okenn Timoun Pa Rete Grangou a pou ede otorite manje lekòl yo jwenn aksè a finansman yo ogmante a epi agrandi acha pwodwi agrikòl lokal yo. Gid yo disponib [isit la](#).

Founisè manje midi ki depanse omwen 30 pousan nan depans total pou manje midi lekòl yo nan pwodwi alimantè Eta New York yo nan ane ki sot pase a ka aplike 1ye Jiyè pou ranbousman eta a ap pou jiska 25 santim pou chak manje midi yo reklame nan ane lekòl aktyèl la. Pa egzanp, 1ye Jiyè 2019, yo pral aksepte aplikasyon pou ranbousman sou baz done ane akademik 2018-2019 la yo. Yo pral akòde vèsman y ap bay founisè manje midi yo apwouve yo pou chak ranbousman pou repa yo te reklame pandan ane akademik 2019-2020 an.

Yo defini “Pwodwi Alimantè Eta New York la yo” (New York State Food Products) kòm atik yo kiltive, rekòlte, oswa pwodwi nan Eta New York la, epi yo trete yo atravè itilizasyon 51 pousan matyè agrikòl brit ke yo kiltive, rekòlte oswa pwodwi nan Eta New York, apati de pwa yo oswa apati de volim yo. Yo ka itilize yon Zouti Kalkil 30 pousan ki

disponib [isit la](#) pou yo prevwa kantite acha elijib yo bezwen pou yo ka patisipe nan inisyativ sa a. W ap jwenn lis aktyèl pwodiktè ak transfòmètè Eta New York yo disponib [isit la](#).

Komisyone Agrikilti Eta New York la (New York State Agriculture), Richard A. Ball, te di, “Prim sibvansyon rekò Gouvènè a te bay pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl nou an yo pral ede asire ke tout elèv yo, ke yo nan Rejyon Nò oswa Rejyon Sid Eta a, gen aksè a repa nourisan frè yo kiltive onivo lokal, pandan y ap ofri yon elan tou pou agrikiltè ak pwodiktè pwodwi alimantè lokal yo. Sa a se yon sitiyasyon gayan-gayan pou Nouyòkè iben, riral ak sila ki viv nan banlye yo”.

Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS), RoAnn M. Destito, te deklare, “Agrandisman inisyativ Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl Gouvènè Cuomo a yo se yon trè bon nouvèl pou elèv ki nan New York la yo ki pral gen plis opòtinite pou yo aprann konnen abitud alimantè ki bon pou lasante epi konsome pwodwi nourisan ki pwodwi onivo lokal la yo. Nou vrèman kontan anpil tou pou nou resevwa 3 milyon dola nan fon Depatman Agrikilti Etazini an (United States Department of Agriculture, USDA) ke Eta a te pwomèt plis pase 250 distri lekòl pou ane lekòl 2018-19 la anvè pwojè pilòt USDA a pou fwi ak legim ki pa transfòme. Pilòt la, ke OGS ap administre onon Eta a, bon pou elèv New York yo epitou pou kominote agrikòl li a”.

Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Agriculture Committee), Patty Ritchie, te deklare, “Lè nou mete manje frè ki soti nan fèm onivo lokal nan sal kantin yo se yon sitiyasyon gayan-gayan pou tout moun. Atravè pwogram sa a, nou ap ede timoun yo manje nan fason ki pi nourisan, aprann konnen agrikilti epi an menm tan, y ap kreye nouvo mache pou agrikiltè k ap travay di nou yo. Mwen atann pou m wè fason investisman sa a ap ede amelyore sante elèv yo, epi pote randman finansye pou agrikiltè nou yo”.

Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Bill Magee, te di, “Pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la te reyisi pote pwodwi alimantè frè, ki bon pou lasante yo kiltive nan New York bay pwogram manje midi lekòl yo. Inisyativ NY Thursdays la ak Pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la yo ap ankouraje timoun yo pou yo apresye ak sipòte yon rejim alimantè nourisan apati de pwodwi alimantè yo kiltive ak pwodwi onivo lokal yo pandan n ap estimile ekonomi fèm lokal yo. Angajman sa a yo ogmante a ap ajoute sou siksè sa yo, epi kontinye ak fè vanse meyè pratik leson yo aprann yo ak objektif yo genyen pou anseye yo sou agrikilti, manje, ak ekonomi an”.

Anplis de asistans finansye a yo, resous edikasyon sou entènèt yo disponib a pou lekòl ak òganizasyon yo k ap participante aktyèlman nan yon inisyativ Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl ak sila yo k ap chache mete pwogram lan an aplikasyon. [Pote Pwodwi Alimantè Lokal nan Lekòl New York yo \(Getting Local Food Into New York State Schools\)](#), se yon twous pou gide lekòl yo atravè tout pwosesis nan kad apwovizyonman pwodwi alimantè lokal la yo. Anplis de sa, [Twous Sezòn Rekòt Mwa \(Harvest of the Month toolkit\)](#) ofri estrateji pou kòmanse epi fè pwomosyon pou kanpay Sezòn Rekòt Mwa a, yon kanpay ki mete aksan sou yon diferan pwodwi alimantè ki kiltive onivo lokal ki nan kafeterya lekòl la chak mwa atravè materyèl edikasyonèl ak aktivite tankou afich, demonstrasyon sou kijan pou kwit manje, ak tès gistatif yo. Ou ka jwenn resous sa yo sou sitwèb Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl Eta a [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)